



Pou Piblikasyon Imedya: 15/02/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE 17.3 MILYON DOLA POU PWOJÈ LOJMAN SIPÈVIZE AK REPARASYON ABRI IJANS

Finansman Eta a pral kreye 120 inite lojman pèmanan ak ijans pou Nouyòkè ki te sanzabri anvan sa yo

Pwogram Lojman Ak Asistans pou Sanzabri a fè pati plan lojman sou senkan, 25 milya dola Gouvènè a pou ranfòse estabilite nan lojman pou Nouyòkè yo

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse yo te bay 17.3 milyon dola nan finansman eta pou sis pwojè nan kat konte ki pral bay lojman sipèvize ijans ak pèmanan pou Nouyòkè ki sanzabri yo. Pwojè sa yo, ki gen sipò Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Program, HHAP) eta a, gen ladan yo reparasyon ak konstriksyon abri ijans ki pral kreye oswa prezève yon lòt 120 inite pou sèvi veteran, sivivan vyolans domestik, moun ki gen antesedan nan pwoblèm toksikomani, ak moun ki souffri maladi mantal grav.

"Twò souvan, Nouyòkè ki sanzabri oswa ki gen enstabilite lojman akable akòz lòt pwoblèm ki pa evidan tankou pwoblèm toksikomani oswa maladi mantal grav", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan bay finansman eta a pou pwojè yo ki asosye ak lojman abòdab avèk sèvis sipò, New York ap travay pou abòde rasin pwoblèm yo ki swa lakòz oswa kontribiye nan sanzabri epi fè moun ak fanmi sa yo kòmanse pran wout pou estabilite lojman alontèm".

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a, ke Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikape (Office of Temporary and Disability Assistance, OTDA) a administre, se yon eleman enpòtan nan [plan anbisye](#) Gouvènè Hochul pou rann lojman pi abòdab, ekitab ak pi estab nan New York. Sa gen ladan yon nouvo plan lojman, sou senkan k ap koute 25 milya dola ki pral kreye ak prezève yon lòt 100,000 kay abòdab nan zòn iben ak riral yo toupatou nan eta a ki gen ladan 10,000 inite avèk sèvis sipò pou popilasyon vilnerab yo.

Bidjè Egzekitif Ane Fiskal 2023 a kontinye ak 128 milyon dola nan finansman kapital pou pwogram lan pou konstwi nouvo inite lojman sipèvize oswa pou repare abri ijans ki la deja. Pandan sik finansman aktyèl la, pwogram lan te repati apeprè 83.7 milyon dola ki pral kreye 618 inite lojman sipèvize pèmanan, 14 inite lojman tranzisyon, ak 67 inite lojman ijans.

Pwojè ki resevwa finansman yo jodi a gen ladan:

- **United Veterans Beacon House, Inc.** te resevwa 2.6 milyon dola pou konstwi lojman sipèvize pèmanan pou yon fanmi kote tèt fanmi an se yon veteran ak pou prezève de abri ijans pou adilt selibatè ki sanzabri yo nan lokalite East Patchogue nan Konte Suffolk.
- **Chautauqua Opportunities, Inc.** te resevwa 2.49 milyon dola pou renove yon bilding twa etaj pou tounen 12 inite lojman sipèvize ak yon abri ijans ki gen 18 kabann k ap sèvi fanm ki gen plis pase 18 ane nan vil Jamestown nan Konte Chautauqua.
- **Barrier Free Living, Inc.** te resevwa 6 milyon dola pou konstwi yon bilding 13 etaj ki gen 44 inite lojman sipèvize pèmanan ki pral fè pati yon pi gwo pwojè 75 inite ki gen 30 inite apa pou moun aje ki frajil yo nan Manhattan.
- **Catholic Charities of Onondaga County** te resevwa 5.94 milyon dola pou byen renove yon bilding komèsyal ki egziste ak prezève 80 kabann nan lojman ijans ki dwe transfere akòz yon pi gwo pwojè devlopman ekonomik nan Syracuse.

Anplis de sa, Penates, Inc. te resevwa 100,000 dola nan finansman pou reparasyon abri pou restore yon kay de etaj ak prezève 17 kabann nan lojman ijans pou fanmi sanzabri yo nan lokalite Bay Shore nan Konte Suffolk. Konpayi an te resevwa yon lòt 100,000 dola pou reyalize reparasyon abri nan yon kay de etaj apa epi ki gen 17 kabann yon lòt kote nan Bayshore.

Ane pase, pwogram nan te pote finansman pou 30 pwojè ki pral ajoute 881 inite lojman sipèvize epi repare abri ijans yo nan tout eta a.

Komisè Pa Enterim OTDA, Daniel W. Tietz, te deklare, "Lojman sipèvize pèmanan se yon eleman enpòtan nan efò nou pou asire tout Nouyòkè jwenn aksè nan yon kote ki sekirize, ki bon mache ke yo rele lakay yo - espesyalman sila ki pi vilnerab yo. Pwojè sa yo, tankou anpil lòt te jwenn finansman atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a, asosye lojman nan pri abòdab yo avèk sèvis sipò kèk fanmi ak moun bezwen pou pi byen asire estabilite lojman yo ak opòtinite pou mennen yon lavi ki ranpli nan kominote a. Mwen aplodi plan lojman anbisyè, sou senkan Gouvènè Hochul la ak konsantrasyon kontinyèl li sou Nouyòkè ki gen pi gwo bezwen pou asistans ak sipò".

Prezidan ak Direktè Egzekitif United Veterans Beacon House, Inc., Frank Amalfitano, te deklare, "Nou pa kapab vire do nou bay gason ak fanm ki te sèvi ak onè nan fòs lame peyi nou an - nou pa ka fè sa espesyalman nan moman bezwen yo. United Veterans Beacon House pral ede fanmi yo nan Konte Suffolk resevwa sipò ak estabilite yo kapab konte sou yo pou brize sik sanzabri a. Atravè Pwogram Lojman ak

Asistans pou Sanzabri a, Gouvènè Hochul kontinye demontre detèminasyon inebranlab li pou ede Nouyòkè sa yo ki sanzabri rive jwenn estabilite dirab nan lojman ak yon avni ki meyè".

Direktè Egzekitif Chautauqua Opportunities, Inc., Diane Hewitt-Johnson, te deklare, "Chautauqua Opportunities, Inc. ta renmen remèsye Kòporasyon pou Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) ak Vil Jamestown pou patenarya yo avèk nou nan pwojè Abri pou Fanm nan Chautauqua a. Nan bay lojman ijans ak sèvis sipò, abri ki gen 18 kabann sa pral ofri yon anviwònman ki san danje ak byenveyan pou fanm yo pandan y ap fè tranzisyon soti nan sitiwayon sanzabri pou ale viv poukont yo. Abri a se premye nan jan li nan Konte Chautauqua epi nou rekonesan pou opòtinite yo li pral ofri ak fanm yo nan kominote nou an".

Prezidan/Direktè Egzekitif Jeneral Barrier Free Living, Inc., Paul B. Feuerstein, te deklare, "Barrier Free Living apèn selebre 40yèm anivèsè li, te pase 27 ane ap bay abri pou moun sanzabri ak moun ki te andikape gravman ki otreman t ap fini pa retwouve yo nan mezon retrèt, epi 35 ane ap founi sèvi entèvansyon pou viktim vyolans domestik ki andikape, premye pwoblèm fanm ki gen andikap yo nan tout peyi a. HHAP te yon patnè enpòtan nan travay nou, nan bay kapital pou konstwi permye abri ijans pou viktim vyolans domestik ki totalman aksesib nan Etazini epi pou ede nou konstwi 120 inite lojman sipèvize pou moun ak fanm ki se sivivan patnè entim ak vyolans domestik. Rekonpans aktyèl nou an se yon etap enpòtan pou konstwi 74 inite lojman sipèvize pou sivivan vyolans domestik yo ak ansyen moun aje sanzabri yo k ap kite mezon retrèt yo".

Direktè Egzekitif Catholic Charities of Onondaga County, Michael F. Melara, te deklare, "Gen yon nesosite klè nan Syracuse pou asire sila ki nan sitiwayon sanzabri yo jwenn yon kote ki san danje, estab pou yo rele lakay yo. Sant Sèvis pou Lojman Catholic Charities of Onondaga County a pral ofri akèy ak sèvis sipò pou moun ki pi vilnerab yo nan kominote nou an. Finansman sa ki soti nan Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri a enpòtan pou siksè li epi pral pèmèt nou kontinye sèvi sila yo ki bezwen abri ijans ak asistans pou garanti lojman pèmanan. Nou rekonesan pou sipò pwojè sa ap resevwa atravè Gouvènè Hochul, ki te fè batay kont sanzabri nan eta nou an tounen yon priyorite pou administrasyon li".

Direktè Egzekitif Penates, Inc., Carol Berkowitz te deklare, "Abri ijans yo souvan se yon premye etap enpòtan nan ede sila yo ki nan sitiwayon sanzabri pran wout pou jwenn estabilite nan lojman ki dirab. Fon sa yo atravè Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri Eta a pral ede nou reyalize amelyorasyon enpòtan nan de enstalasyon sa yo, sa ki pral pèmèt yo kontinye travay enpòtan sa nan kominote nou yo. Mwen aplodi Gouvènè Hochul dèske li asire nou gen sipò nou bezwen pou ede sila yo ki nan sitiwayon sanzabri."

Pwogram Lojman ak Asistans pou Sanzabri an ap bay sibvansyon ak prè kapital pou kòporasyon san bi likratif yo, òganizasyon charitab ak relijiye yo, ak minisipalite yo pou yo ka achte, konstwi, oswa repare lojman pou moun ki pa kapab jwenn lojman ki

adekwat san asistans espesyal yo. Yo te bay sibvansyon yo atravè yon pwosesis konpetitif ki te fèt pa Kòporasyon Lojman ak Asistans pou Sanzabri (Homeless Housing and Assistance Corporation, HHAC) Eta New York la, ki se yon kòporasyon avantaj piblik ki gen pèsònèl OTDA.

Atravè pwogram sa a, Eta New York afekte plis pase \$1.2 milya dola pou devlopman lojman sipò. Otòtal, pwogram nan kreye plis pase 22,000 inite lojman, pou sipòte moun ak fanmi k ap fè fas ak sitiyasyon sanzabri yo.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418